

1. POU KISA ODYANS SA A ENPÒTAN?

Desizyon ki pran nan odyans sa a ap ranplase detèminasyon ki fè w te depoze apèl la. Anjeneral, yo pèmèt pati yo yon sèl odyans. Pou pwoteje dwa w, ou dwe patisipe menm si se lòt pati a ki te depoze apèl la. Jan yo prevwa nan avi pou odyans lan, pati yo dwe rele pou konfime prezans yo nan odyans lan 24 èdtan anvan odyans lan. Si yon pati pa rele, sa ka lakòz apèl la anile oswa yon desizyon defavorab.

Si ou pa patisipe nan odyans lan, apèl ou a ka anile oswa ou ka resevwa yon desizyon defavorab. Yon reklaman ki resevwa yon desizyon defavorab ap gen pou remèt benefis ke yo pa ta dwe peye l yo. Yon anplwayè ki resevwa yon desizyon defavorab ka chaje pou benefis ki peye yo ki vin ogmante pousantaj taks anplwayè oswa yo ka mande l pou ranbouse fon afektasyon espesyal la (trust fund).

2. KISA KAP PASE NAN ODYANS LAN?

Abit apèl yo kap travay sou ka a pral:

- Mande chak pati pèmision pou anrejistre odyans lan elektwonikman;
- Eksplike zafè yo, bi odyans lan, òd temwayaj yo, ak lòt pwosedi;
- Idantifye detèminasyon ki an apèl la epi fè konnen kontni dosye a;
- Mete tout temwen yo sou sèman oswa afimasyon;
- Poze pati yo ak temwen yo kesyon pou jwenn fè reyèl yo;
- Asiste pati yo pandan yap poze temwen yo kesyon; ak
- Detèmine si temwayaj ak dokiman ki ofri yo kapab resevwa ak konsidere pou dosye odisyon lan.

Apre odyans lan tèmine, abit apèl la ap pran desizyon apèl la.

3. KI JAN DE PRÈV MWEN DWE BAY?

Meyè temwen se moun ki te prezan lè bagay la te pase a epi ki ka reponn a kesyon espesifik sou sa ki te pase a. Reklaman yo prèske toujou gen konesans dirèk de sa ki te pase a. Anplwayè yo ta dwe chwazi temwen yo avèk anpil swen pou asire ke yo prezante prèv ki konpetan.

Yo pral resevwa tou, prèv dokimantè yo epi yo pral konsidere prèv yo kote yo apwopriye. Egzanp prèv dokimantè enkli règleman konpayi an; dosye anplwaye a, tankou prezans, konje, otorizasyon medikal, oswa dosye disiplinè; mesaj tèks; ak imèl. Ou ka egalman soumèt prèv tanjib, tankou anrejistreman odyo oswa videyo oswa foto.

Si ou te soumèt von dokiman anvan epi li pa enkli ansanm avèk avi pou odyans lan, ou dwe voye von lòt kopi bay ofisye odyans lan ak tout lòt nan adrès ki sou Avi Odyans Telefònik lan pou dokiman yo ka konsidere.

Pou yo ka konsidere dokiman yo oswa lòt prèv tanjib, ou dwe poste, fakse, oswa delivre yon kopi chak dokiman nan Biwo Apèl la ak tout adrès ki sou avi odyans lan. Ou dwe fè

aranjman pou livrezon prèv yo bay tout pati yo ak abit apèl la omwen 24 èdtan anvan lè odyans lan pwograme a. Si odyans lan pwograme pou yon Lendi oswa yon jou aprè yon jou ferye, samdi a ak dimanch lan oswa jou ferye a ap eskli nan kalkil peryòd 24 èdtan an.

Yap ka konsidere sèman dokiman oswa lòt prèv tanjib ke tout pati yo resevwa, sof si ou renonse a dwa pou konsilte dokiman yo oswa revize lòt prèv tanjib yo. Pati yo ta dwe konnen ke prèv ki soumèt yo ka devni achiv piblik.

Gen kèk dokiman ki se wi-di epi yo ka itilize yo sèman pou kòm sipleman oswa pou eksplike lòt prèv omwens ke li reponn a kondisyon legal pou yon eksepsyon jan sa prevni nan Kòd Prèv Florid la oswa Seksyon 443.151 (4) (b) 5.c, Lwa Florid yo.

Yon pati ki ofri prèv dokimantè oswa prèv tanjib ta dwe ofri yon temwen ki ka temwaye konsènan ki jan dosye sa yo te prepare, resevwa, oswa konsève ak garanti otantisite yo.

Anplis de soumèt dokiman yo oswa lòt prèv tanjib, ou ta dwe prepare pou reponn a kesyon sou tout sijè ki endike sou Avi pou Odyans lan. Desizyon an pral baze sèman sou evidans ki prezante nan odyans lan. Depi odyans lan fini, yo pap aksepte okenn lòt prèv.

4. POU KISA YON ODYANS TE PWOGAME?

Yon odyans te pwograme paske te gen yon apèl ki te fèt kont yon detèminasyon Depatman an. Patisipe nan odyans lan enpòtan, menm si se lòt pati a ki te depoze apèl la.

5. KI SA KAP PASE SI MWEN PA PATISIPE?

Si pati ki depoze apèl la patisipe, odyans lan ap fèt. Desizyon an pral baze sou evidans yo prezante yo. Si ou pa patisipe, yo pap konsidere evidans ou yo. Si se ou ki depoze apèl la epi ou pa patisipe, ka w la ap anile.

6. KI DWA MWEN GENYEN NAN ODYANS LAN?

An tan ke pati, ou gen dwa pou:

- Temwanye pou pwòp tèt ou;
- Prezante dokiman ak lòt prèv;
- Kesyone pwòp temwen w yo;
- Kesyone temwen pati opoze a;
- Egzamine ak objèkte a prèv ki prezante yo;
- Eksplike oswa refite prèv; epi
- Fè yon deklarasyon final nan fen odyans lan.

7. KÒMAN MWEN KA FÈ ARANJMAN POU TEMWEN?

Kontakte temwen an epi mande pou li temwaye. Si sa posib, ou menm ak temwen w lan (yo) ta dwe nan menm kote pou odyans lan. Si yon temwen pa ka nan menm kote avèk ou epi nou dwe kontakte li nan yon lòt nimewo

telefòn, bay Biwo Apèl la non ak nimewo telefòn temwen an atravè telefòn, faks, oswa lapòs. Fè temwen an konnen pou li disponib nan lè ki pwograme pou odyans lan epi pou li rete disponib jiskaske swa ou menm oswa abit apèl la ranvwaye li.

Si yon temwen pa vle temwaye volontèman, Biwo Apèl la ka voye yon manda de-konparèt ba li. Ou ka fè demann lan atravè kont CONNECT elektwonik ou an (ale sou <https://connect.myflorida.com>), lapòs oswa faks. Ou ta dwe voye demann lan pi vit ke posib, se konsa pou temwen an ka resevwa manda de-konparèt la anvan odyans lan. Mete ladan nimewo dosye a; non temwen an, adrès, ak nimewo telefòn, ak yon deskripsyon detaye sou tout dokiman oswa lòt prèv tanjib temwen an ta dwe founi pou odyans lan. Pati kap fè demann pou manda de-konparèt la responsab pou asire livrezon manda a daprè Règ Kòd Administratif Florid 73B-20.019 (1) (a).

8. ESKE MWEN KA RETIRE APÈL MWEN AN?

Apelan an ka retire yon apèl atravè lapòs oswa faks nan adrès Biwo Apèl oswa nimewo faks ki sou Avi pou Odyans lan oswa atravè imèl nan Deoappeals.magistrate@deo.myflorida.com. Mete nimewo dosye a ak non konplè reklaman an. Si ou mande pou retire apèl la, nan pifò ka, sa vle di ou mete fen a dwa ou te genyen pou depoze yon apèl paske yon apèl retire pa ka ni reouvri oswa renouvle.

9. ESKE MWEN KA MANDE POU YO RANWAYE L POU YON LÒT LÈ?

Ou ka mande pou yo ranvwaye l pou yon lòt lè si gen yon rezon konvenkan ki eksplike pou kisa ou pa ka patisipe jan sa te pwograme a. Ou ka fè demann lan alekri anvan odyans lan oswa sou dosye a pandan odyans lan. Bay yon rezon detaye pou kisa ou pa ka patisipe epi ki jan de efò ou te fè, si w te fè okenn efò, pou re-òganize orè w ak orè temwanyaj ou (yo) pou patisipe. Abit la ap fè ou konnen alekri si li akòde demann lan. **Si ou pa resevwa yon repons alekri ki akòde demann ou a pou ranvwaye odyans lan, asime ke demann lan pa agreye** epi ou dwe disponib pou patisipe nan odyans pwograme a epi prepare pou prezante ka ou la.

10. ESKE MWEN DWE PRAN YON AVOKA?

Reprezantasyon pwofesyonèl pa obligatwa epi pifò moun prezante tèt yo nan odyans pou asistans reyanplwa yo. Ou gen dwa pou gen yon avoka oswa yon reprezantan otorize pou reprezante w, men se ou ki gen pou peye pou sa. Abit apèl la dwe apwouve frè reprezantan yon reklaman chaje, men se reklaman ki gen pou peye frè a. Reprezantasyon legal ka disponib atravè yon Biwo Èd Legal lokal nan yon pri redwi oswa ki pa

chaje reklaman ki pa gen anpil kòb yo. Pou enfòmasyon pou pran yon avoka, kontakte Florida Bar gratis nan 1-800-342-8011. Si w pran yon avoka oswa otorize yon moun pou reprezante ou, ou menm oswa reprezantan w lan dwe bay non moun lan, adrès, ak nimewo telefòn li a Biwo Apèl la asire ke tout avi yo al jwenn moun sa a.

11. KÒMAN M KA PWOUVE KE M TAP CHÈCHE TRAVAY?

Si zafè a se eske ou te kapab ak disponib pou travay, *voye yon kopi fèy papyè kontak rechèch travay ou yo nan Biwo Apèl la anvan odyans lan. Mete chak dat ak metòd ou te ilize pou kontakte travay la, ansanm ak non ak adrès chak kontak anplwayè.*

12. KÒMAN M KA PWOUVE MWEN TE DEPOZE APÈL MWEN AN ALÈ?

Si l sanble ke apèl la pat depoze nan peryòd tan lalwa pèmèt la, abit la pral premyèman pran evidans sou lè ke apèl la te depoze a. Si alè sou lis zafè yo, moun ki te ranpli apèl la ap yon temwen enpòtan ak tout dokiman ki pwouve ke apèl la te deja soumèt bay Biwo Apèl la. Ka a ap anile si w pa bay prèv sifizan ki montre apèl la te depoze alè.

13. KÒMAN M KA JWEN KOPI DOKIMAN KI NAN DOSYE A?

Kopi tout dokiman ki nan dispozisyon abit la ap vini avèk Avi Odyans Telefònik lan. Revize dokiman sa yo anvan odyans lan epi genyen yo avèk ou pandan odyans lan. Aprè ka a fin fèmen, desizyon an avèk prèv yo ap vin disponib; ou ka gade yo nan sistèm elektwonik CONNECT la oswa si ou mande Biwo Apèl la yon kopi.

14. E SI M BEZWEN YON ENTÈPRÈT?

Odyans lan ap an Anglè. Yap fè aranjman pou gen entèpretasyon pou tout pati ki endike lang prensipal yo pa Anglè. Si ou bezwen yon entèprèt epi Avi Odyans lan pa endike ke gen yon entèprèt kap la, kontakte Biwo Apèl la imedyatman pou avize yo ki lang wap bezwen, konsa pou yo ka fè aranjman pou entèpretasyon.

15. E SI MWEN BEZWEN PLIS ENFÒMASYON?

Adrès, nimewo telefòn, ak nimewo faks Biwo Apèl la sou Avi Odyans Telefònik lan, ansanm avèk non grefye ou dwe kontakte a pou bay enfòmasyon oswa resevwa enfòmasyon. Enfòmasyon pou kontakte Biwo Apèl la ap parèt sou dènye paj bwochi sa a. Mete nimewo dosye a oswa non konplè reklaman an sou tout korespondans.

16. KÒMAN MAP FÈ KONNEN SI DESIZYON AN JIS?

Lalwa oblije abitye apèl la pou pa pran patipri epi pou li pran desizyon ki baze sou prèv konpetan. Abitye apèl la responsab pou jere odyans lan san patipri, kesyone temwen yo, ak pwoteje dwa fondamantal chak pati. Abitye apèl la pa kapab diskite ka a avèk okenn pati ni anvan oswa apre odyans lan.

17. E SI MWEN TE RATE ODYANS LAN?

Si ou te rate yon odyans ou dwe fè tout dilijans ou pou mande pou yo re-ouvè l. Tout demann pou yon lòt odyans dwe fèt sou Entènèt nan <https://connect.myflorida.com> oswa atravè imèl, lapòs oswa faks yon demann alekri nan Biwo Apèl la nan lespas 20 jou apre desizyon an. Yo pa pèmèt okenn lòt metòd pou fè demann lan. Ou dwe mete ladan nimewo Dosye a ak rezon ki fè ou pap patisipe a. **Se sèlman rezon ki konvenkan ak nesèsè kap konstitye kòm rezon valab.** Si yo agree yon demann pou fè yon lòt odyans, ou dwe prezante avèk prèv tanbij nan nouvo odyans lan epi pou montre dilijans ou fè pou eseye re-aranje orè ou oswa mande yon lòt dat. Si w pa montre rezon valab, desizyon anvan an pral re-etabli.

18. KILÈ MAP RESEVWA DESIZYON AN?

Yo pral distribye/poste yon desizyon bay tout pati yo pi vit ke posib apre odyans lan. Desizyon an ap enkli konstataasyon fè reyèl, konklizyon dapre lalwa, ak rezilta a, ki pral konfime, ranvèse, oswa modifeye detèminasyon an oswa anile apèl la.

19. E SI MWEN PA DAKÒ AVÈK DESIZYON AN?

Si ou pa dakò avèk desizyon an, ou kapab mande pou Komisyon Apèl Reyanplwa a revize desizyon an. Enfòmasyon sou kòman pou mande revizyon desizyon an: **Tout demann pou revizyon dwe depoze nan lespas 20 jou kalandriye apre yo te fin pran desizyon an/distribye l atravè lapòs.** Komisyon Dapèl pou Asistans Reyanplwa pa pral fè yon lòt odyans; desizyon komisyon an ap baze sou temwayaj ak lòt prèv ki te prezante devan abitye la epi kijan abitye la te itilize prèv sa yo pou l pran yon desizyon. Se poutèt sa, prezante tout prèv ou genyen nan odyans lan trè enpòtan. Lè yo fin konplete revizyon an, Komisyon Dapèl sou Asistans Reyanplwa ap poste yon òdonans a lekri bay tout pati yo. *Si ou pat patisipe nan odyans lan pou rezon valab epi ou te resevwa yon desizyon defavorab, ale nan Seksyon 17 pou enfòmasyon sou demann pou yon nouvo odyans.*

20. ESKE ENFÒMASYON KI NAN DOSYE A AP KONFIDANSYÈL?

Non, eksepte nimewo sekirite sosyal reklaman an, enfòmasyon sou apèl la devni dosye piblik lè odyans lan konvoke.

21. KI KOTE MWEN KA JWEN PLIS ENFÒMASYON?

Ou ka jwenn enfòmasyon sou apèl, enkli lyen sou lalwa ak Règ Kòd Administratif, sou sit entènèt <https://connect.myflorida.com> lè w chwazi *FAQs (akwonim an Anglè)* oswa sou <https://connect.myflorida.com> lè w chwazi *Li Manyèl Enfòmasyon sou Dwa Benefis yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Asistans Reyanplwa pou Dezas, TRA, ak lòt pwogram konpansasyon asistans Reyanplwa Federal, sou entènèt nan www.doleta.gov.* Ou ka jwenn enfòmasyon sou reklame semèn asistans reyanplwa yo pandan yon apèl annatant lè w chwazi Reklame Semèn ou yo sou sit entènèt nou an nan <https://connect.myflorida.com>.

An akò avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo, moun ki bezwen aranjman espesyal pou patisipe nan odyans lan ka kontakte grefye abitye la nan nimewo ki endike sou Avi pou Odyans lan omwen 5 jou anvan odyans lan oswa atravè Sèvis Relè Florid la nan 1-800-955.-8770.

Asistans Reyanplwa se yon pwogram opòtinite egalite nan Depatman Opòtinite Ekonomik. Èd ak sèvis oksilyè ap disponib sou demann pou moun ki gen andikap yo.

Adrès, Nimewo Telefòn ak Faks Biwo Apèl la:

Adrès:

PO Box 5250

Tallahassee, Florida 32399-5250

Nimewo Telefòn:

1-800-732-8212

Nimewo Faks:

Biwo Grefye Apèl yo

850-617-6504

Bwochi sa a se pou enfòmasyon sèlman epi li pa gen tout efè lalwa yo ak/oswa tout règleman lalwa yo.

Asistans Reyanplwa

Enfòmasyon Dapèl

www.floridajobs.org



Enpòtan – Li sa Konyea!

Bwochi sa founi yon rezime enfòmasyon jeneral sou apèl asistans reyanplwa ak fason pou prepare pou odyans ou an. Avi odyans lan ka enkli enstriksyon ak enfòmasyon espesifik. Si ou pa konfòme w avèk enstriksyon sa yo, sa ka lakòz yon reta nan rezoud ka w la oswa esklizyon nan prèv ou ta vle prezante.

Si ou gen kesyon apre ou fin li bwochi sa a, rele grefye abitye la nan nimewo telefòn ki sou *Avi pou Odyans Telefònik* lan oswa tcheke sit entènèt nou an nan <https://connect.myflorida.com>. Si ou se reklaman ki pap travay, kontinye reklame pou semèn yo kòm sadwa pandan ke apèl la annatant. Si ou resevwa yon desizyon favorab, yap peye benefis sèlman pou semèn ke w te kòrèkteman reklame yo.

Prepare w pou resevwa apèl telefonik ofisyèl odyans lan. Si ou pa pran apèl telefonik lan nan dis (10) minit apre lè odyans lan te pwograme a, kontakte grefye abitye la ke nimewo telefòn li parèt sou *Avi pou Odyans Telefònik lan. Anplwayè yo dwe bay non ak nimewo telefòn moun pou yo telefone pou odyans lan.* Yap rele reklaman an nan nimewo telefòn ki endike sou avi odyans lan sòf si yo bay yon lòt nimewo anvan odyans lan. Li se responsablite chak pati pou yo retire tout sèvis bloke-apèl telefònik ki ka anpeche apèl telefònik lan rive jwenn ou. Nenpòt pati ki pwograme pou parèt an pèsòn, ap resevwa enstriksyon siplemantè espesyal.

If you do not speak or read English proficiently, have this important information translated immediately.

Tenga esta información importante traducida inmediatamente. Avere queste informazioni importanti tradotte immediatamente. Avoir cette information importante traduite immédiatement.

Si w pa pale oswa li Anglè byen, fè yon moun tradwi enfòmasyon importan sa a, imedyatman.

Lassen Sie diese wichtigen Informationen übersetzen sofort.